

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta Penelitian Tindakan Kelas (PTK). PTK mangrupa panalungtikan anu panalungtikna ilubiung sacara langsung atawa partisipasif pikeun maham pasualan anu karandapan jeung ngalakukeun revisi sarta parobahan dina matotoskeun pasualan-pasualan anu kapanggih. Nurutkeun Sanjaya (2009, kc. 13) PTK mangrupa salasahiji tarékah anu dilaksanakeun ku guru pikeun ngaronjatkeun kualitas peran jeung tanggung jawab guru hususna dina pangajaran. Guru bisa ngaronjatkeun gawéna sacara tuluy-timuluy, ku cara ngalakukeun *refleksi diri (self-reflection)*, nya éta tarékah nganalisis pikeun mikanyaho kahéngkéran-kahéngkéran dina prosés pangajaran, satuluyna ngararancang pikeun prosés ngaropéa sarta ngaimplémentasikeun dina prosés pangajaran saluyu jeung program pangajaran anu geus disusun.


Nurutkeun Sanjaya (2009, kc. 33) tujuan PTK nya éta ngaronjatkeun kualitas prosés jeung hasil diajar. Anapon pasualan anu dikaji dina PTK nya éta pasualan anu sipatna praktis. Ku sabab kitu, guru atawa panalungtik mangrupa subjek ti mimiti prosés rarancang nepi ka prosés nyieun kacindekan.

Nurutkeun Campbell jeung Stanley dina Arikunto (2009, kc. 7) yén sampurna jeung henteuna hiji panalungtikan gumantung kana desain panalungtikan. Penelitian Tindakan Kelas miboga sababaraha modél panalungtikan anu sok digunakeun. Nurutkeun Wiriaatmadja (2012, kc. 70) aya lima modél penelitian tindakan kelas nya éta modél Lewin nu ditafsirkeun ku Kemmis, modél Lewin nurutkeun Elliot, modél spiral ti Kemmis jeung Taggart, modél Ebbutt jeung modél McKernan. Éta modél-modél penelitian tindakan kelas téh miboga sasaran nya éta *perencanaan, pelaksanaan, pengamatan*, jeung *refleksi* sarta dilaksanakeun dina sababaraha siklus.

Desain dina ieu panalungtikan maké model spiral ti Kemmis jeung Taggart. Ieu Penelitian Tindakan Kelas model spiral téh miboga ciri ayana parobahan anu

tuluy-timuluy. Panalungtikan réngsé upama indikator anu geus ditangtukeun téh kahontal.

**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**  
**Model Spiral Kemmis jeung Taggart**



Sumber: Hopkins, 2011, kc. 92

Dina ieu panalungtikan dimimitian ku nyusun rarancang (*planning*), tuluy kana pelaksanaan tindakan (*action*), pengamatan (*observing*), jeung réfléksi (*reflect*). Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan baris dipedar saperti ieu di handap.

**a. Tahap Nyusun Rarancang (*Planning*)**

Tahap nyusun rarancang tindakan mangrupa tahap panalungtik ngajelaskeun ngeunaan naon, kunaon, iraha, dimana, ku saha, jeung kumaha tindakan dilakukeun. Panalungtik nangtukeun titik atawa fokus kajadian pikeun ditalungtik sacara husus. Satuluyna nyieun alat ngumpulkeun data panalungtikan pikeun mantuan panalungtik ngarékam pakta nu kajadian salila panalungtikan lumangsung (Arikunto, spk., 2009, kc. 17).

**b. Tahap Pelaksanaan Tindakan (*Action*)**

Tahap pelaksanaan mangrupa implementasi média *photostory* dina pangajaran nulis sajak nu geus dirarancang. Dina ieu tahap kudu bisa nyaluyukeun tindakan jeung naon waé anu geus dirumuskeun dina rarancang (Arikunto, spk., 2009, kc. 18).

**c. Tahap Pengamatan (*Observing*)**

Tahap pengamatan nya éta kagiatan anu dilakukeun ku panitén (*observer*) pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan prosés pangajaran anu dilakukeun ku guru saluyu jeung tindakan anu geus disusun. Panitén kudu nyoko kana instrumén nu geus dijieun. Aspék nu ditalungtik dina ieu pengamatan nya éta prosés tindakanana, pangaruh tindakan, kaayaan jeung kendala tindakan, kumaha kaayaan jeung kendala, jeung pasualan lian anu muncunghul salila kagiatan panalungtikan lumangsung.

Dina ieu tahap panalungtik dibantuan ku *observer* pikeun ngumpulkeun data tina kagiatan panalungtikan anu dilaksanakeun. Ieu hal dilakukeun pikeun ngarékam prosés tindakan anu dilaksanakeun.

Dina ieu tahap obsérver ogé niténan langsung situasi kelas saperti interaksi jeung aktivitas siswa di kelas salila prosés diajar lumangsung, interaksi jeung aktivitas guru salila prosés diajar lumangsung, atawa hal-hal lian anu mungkin bakal kajadian salila prosés diajar lumangsung. Ku sabab kitu, salila kagiatan kudu niténan, obsérver kudu ngeusian instrumén anu geus disusun, diantaranan ngeusian pedoman obsérvasi (Arikunto, spk., 2009, 19).

#### **d. Tahap Réfleksi (*Reflect*)**

Kagiatan réfléksi panalungtikan dilaksanakeun di ahir pertemuan salila kagiatan siklus lumangsung. Ieu tahap mangrupa tahap *perenungan* tina hasil paniténan atawa obsérvasi anu geus dilaksanakeun di kelas, boh tina obsérvasi guru boh obsérvasi siswa boh catetan lapangan. Ngaliwatan kagiatan réfléksi, tina hasil obsérvasi tangtuna bakal kapanggih naon waé kahéngkérana jeung bangbaluh dina panalungtikan. Sabab, tujuan dina réfléksi éta sorangan nya éta pikeun ngabebenah tindakan nu dilaksanakeun (Arikunto, spk., 2009, kc. 19).

### **3.2 Setting Panalungtikan**

*Setting* panalungtikan ngawengku lokasi panalungtikan, subjek panalungtikan, jeung waktu pelaksanaan panalungtikan.

#### **3.2.1 Lokasi/Tempat Panalungtikan:**

Panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 2 Lembang, anu pernahna di jalan Maribaya No. 129, Kec. Lembang, Kab. Bandung Barat.

#### **3.2.2 Subjek Panalungtikan**

Subjek dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII-H SMPN 2 Lembang kalayan jumlah 33 urang, anu ngawengku 14 urang lalaki jeung 19 urang siswa awéwé.

#### **3.2.3 Waktu Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dilaksanakeun ti bulan Oktober nepi ka Désémber, anu diwincik saperti dina tabel ieu di handap.

**Tabél 3.1**  
**Waktu Panalungtikan**

No.	Kegiatan	Waktu
1.	Pra-panalungtikan	21 Oktober 2015
2.	Siklus I	11 Novémber 2015
3.	Siklus II	18 Novémber 2015
4.	Siklus III	2 Désémber 2015

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu baris dilaksanakeun ngawengku sababaraha téhnik ieu di handap.

#### a. Téhnik Obsérvasi

Obsérvasi nya éta tindakan anu mangrupa penafsiran tina teori (Popper dina Wiriaatmadja, 2012, kc. 104). Tapi sanajan kitu, panalungtik dina ieu panalungtikan anu asup ka hiji rohangan kelas anu tujuanana obsérvasi, leuwih hadé ninggalkeun téori-téori di luar kelas, jeung langsung niténan tanpa aya kahayang pikeun ngajustificasi hiji téori atawa nyawad (Wiriaatmadja, 2012, kc. 104).

Obsérvasi dina ieu panalungtikan nya éta pikeun niténan langsung kagiatan nu ditalungtik. Panalungtik diperedih pikeun ilubiung dina kagiatan atawa aktivitas subjek saluyu jeung masalah nu ditalungtik.

#### b. Téhnik Catetan Lapangan

Catetan lapangan (*field notes*) mangrupa salasahiji cara pikeun ngalaporkeun hasil obsérvasi, réfléksi, jeung réaksi tina pasualan-pasualan kelas. Catetan lapangan bisa méré informasi anu jelas ngeunaan naon waé anu karandapan nalika prosés pangajaran. Nulis catetan lapangan bisa dina wangun anu béda-béda. Catetan lapangan leuwih hadé ditulis dina wangun déskriptif ti batan spekulatif,

sangkan informasi anu kawengku di jerona téh ngagambarkeun hal-hal sacara gurat badag pikeun diinterpretasi.

Aya opat fungsi catetan lapangan dina Penelitian Tindakan Kelas, nya éta:

- 1) bisa fokus kana isu atawa prakték pangajaran salila période waktu nu tangtu;
- 2) bisa ngaréflékskeun kesan-kesan umum ngeunaan ruang kelas jeung iklimna;
- 3) bisa ngadéksripsikeun siswa anu reséptif kana interpretasi jeung gampang digunakeun pikeun studi kasus; sarta
- 4) bisa ngarékam kamekaran kaparigelan guru.

Anapon kaonjoyan tina catetan lapangan, nya éta:

- 1) gampang pikeun dibawa;
- 2) ngawengku catetan jeung rekaman anu tuluy timuluy;
- 3) informasi bisa diteuleuman iraha waé;
- 4) fungsina pikeun *aide-memoré*;
- 5) mantuan pikeun ngahubungkeun peristiwa-peristiwa, anu ngaéksplorasi trén-trén anu muncunghul; sarta
- 6) miboga manfaat anu gedé pikeun nulis studi kasus.

Salian ti kaonjoyan, catetan lapangan miboga kahéngkéran nya éta:

- 1) ngabutuhkeun perangkat-perangkat lian saperti lembar analisis pananya, *tape*, jeung transkrip pikeun informasi anu spesifik;
- 2) paguneman teu mungkin dirékam ku catetan lapangan;
- 3) buku catetan éféktif pikeun sakelompok siswa, tapi henteu pikeun sakabéh siswa;
- 4) nalika munggaran mah nyangkolong kana waktu; sarta
- 5) bisa jadi subjéktif pisan (Hopkins, 2011, kc. 181)

Catetan lapangan dina ieu panalungtikan mangrupa instrumen pikeun nyatet sagala peristiwa anu karandapan gunana pikeun nempo kamekaran tindakan jeung kamekaran siswa dina prosés pangajaran.

### c. Téhnik Tés

**Maria Julianti, 2016**

***Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tés nya éta latihan anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa. Ieu tés dilakukeun ku panalungtik pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran nulis sajak maké média *photostory*. Tés dilaksanakeun ngaliwatan tés nulis di unggal tahap pangajaran pikeun ngukur ngaronjatna kamampuh nulis sajak siswa maké pedoman penilaian. Hasil tés digunakeun salaku bahan pikeun ningali kamampuh siswa salila kagiatan panalungtikan lumangsung.

#### d. Téhnik Dokuméntasi

Dokuméntasi mangrupa alat pikeun ngagambarkeun/ngadéskripsikeun anu karandapan di kelas dina waktu pangajaran nalika Penelitian Tindakan Kelas (PTK), pikeun ngarékam kaayaan kelas, ngeunaan peristiwa-peristiwa penting anu karandapan, atawa ilustrasi tina épisode anu tangtu (Wiriaatmadja, 2012, kc. 121)

Nurutkeun Hopkins (2011, kc. 200) fungsi utama dokuméntasi dina Penelitian Tindakan Kelas (PTK) nya éta nyadiakeun kontéks pikeun maham kana kurikulum atawa pangajaran anu tangtu. Dokumentasi bisa mangrupa foto, video, catetan jsb. Foto mangrupa alat pikeun ngarékam kajadian-kajadian penting di rohangan kelas atawa ngagambarkeun épisode pangajaran anu tangtu. Foto ogé bisa digunakeun pikeun ngarojong métode-métode ngumpulkeun data anu lian (saperti, wawancara atawa catetan lapangan) atawa salaku perangkat pikeun nyadiakeun poin-poin referensi pikeun wawancara jeung diskusi.

Anapon kaonjoyan tina dokuméntasi dina wangun foto nya éta:

- 1) mangpaatna bisa nempo foto siswa atawa hasil siswa, atawa minangka srimulus diskusi; sarta
- 2) minangka instrumen anu bisa mantuan pikeun ngomentaran ti guru lian anu henteu hadir dina waktu harita.

Salian ti kaonjoyan, dokuméntasi dina wangun foto aya kahéngkérana nya éta:

- 1) nunjukkeun kaayaan-kaayaan anu misah-misah; hésé pikeun dihijikeun di tempat jeung waktu anu pas; ngan ukur fokus ka sakelompok atawa individu, henteu kabéhanana; henteu ngarekam sacara nyosok jero; sarta

**Maria Julianti, 2016**

***Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2) gambar/foto bisa jadi henteu ngalukiskeun kagiatan siswa, iwal ti fotograferna selektif.

Dina ieu panalungtikan dokuméntasi digunakeun pikeun mikanyaho hasil kagiatan sacara gembler, sarta maké dokuméntasi dina wangun foto.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumen nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pedoman obsérvasi, catetan lapangan, jeung lambaran tés.

#### 3.4.1 Pedoman Obsérvasi

Dina ieu obsérvasi aya dua hal anu ditalungtik nya éta aktivitas guru jeung aktivitas siswa. Ku sabab kitu, aya dua pedoman obsérvasi dina ieu panalungtikan nya éta pedoman obsérvasi aktivitas guru jeung pedoman obsérvasi aktivitas siswa.

##### 3.4.1.1 Pedoman Obsérvasi Aktivitas Guru

Obsérver niténan jeung ngaévaluasi panalungtik nalika keur ngajar salila KBM lumangsung.

**Tabél 3.2**

#### **Pedoman Obsérvasi Aktivitas Guru**

**Wasta Obsérver** :

**Poé, tanggal** :

**Waktu** :

**Standar Kompetensi** : Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam bentuk menulis pengalaman, biografi, sajak, bahasan (eksposisi), dan menulis berita.

**Kompeténsi Dasar** : 7.4.3 Menulis sajak

Maria Julianti, 2016

*Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



No.	Aktivitas	1	2	3	4	Koméntar
1.	<b>Kegiatan bubuka</b>					
	a) Ngondisikeun kelas.					
	b) Ngabsén kehadiran siswa.					
	c) Guru méré patalékan anu aya hubunganana jeung matéri nu baris diajarkeun.					
	d) Ngamotivasi siswa sangkan sumanget diajar.					
2.	e) Ngajelaskeun tujuan pangajaran jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal dina pangajaran sajak.					
	<b>Kegiatan Inti</b>					
	a) Guru medar matéri pangajaran nulis sajak.					
	b) Guru medar unsur-unsur sajak.					
	c) Guru maréntah siswa nulis sajak dumasar média <i>photostory</i> .					
	d) Ngabimbing siswa dina nulis sajak dumasar <i>photostory</i> .					
3.	e) Guru negeskeun deui materi nulis sajak anu geus ditepikeun.					
	d) Méré kasempetan ka siswa pikeun nanya.					
	<b>Kegiatan Ahir</b>					
	a) Ngondisikeun siswa.					
	b) Guru jeung siswa ngaevaluasi hasil pangajaran.					
	c) Guru méré tugas (PR).					
<b>Jumlah</b>						
<b>Rata-rata</b>						

**Keterangan :**

Skala 1 = Kurang

Skala 2 = Cukup

Skala 3 = alus

Skala 4 = alus pisan

**Catetan Obsérver:**

Maria Julianti, 2016

*Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Obsérver,

Bandung, .....  
Panalungtik,

Maria Julianti

---

NIP/NIM

---

NIM 1206477

### 3.4.1.2 Pedoman Obsérvasi Aktivitas Siswa

Obsérver niténan aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung nu aya hubunganana jeung motivasi anu tumuwuh salila prosés pangajaran.

**Tabél 3.3**

#### **Pedoman Obsérvasi Aktivitas Siswa**

**Wasta Obsérver** :

**Poé, tanggal** :

Maria Julianti, 2016

*Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

**Waktu** :

**Standar Kompetensi** : Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam bentuk menulis pengalaman, biografi, sajak, bahasan (eksposisi), dan menulis berita.

**Kompeténsi Dasar** : 7.4.3 Menulis sajak

No.	Aktivitas	1	2	3	4	Koméntar
<b>1.</b>	<b>Kegiatan bubuka</b>					
	a) Nurut nalika dikondisikeun.					
	b) Ngaréspon data kehadiran siswa					
	c) Ngajawab nalika guru méré patalékan.					
	d) Sumanget nalika diajar.					
<b>2.</b>	e) Bisa nyebutkeun deui tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal dina pangajaran nulis sajak.					
	<b>Kegiatan Inti</b>					
	a) Ngabandungan matéri ngeunaan nulis sajak.					
	b) Ngajawab patalékan nalika ditanya ku guru.					
	c) Merhatikeun média <i>photostory</i> .					
	d) Nulis sajak sacara individu.					
<b>3.</b>	e) Merhatikeun kana penegasan matéri pangajaran anu geus ditepikeun.					
	f) Nanya nalika dibéré kasempetan pikeun nanya.					
	<b>Kegiatan Ahir</b>					
	a) Nurut nalika dikondisikeun.					
	b) Mikanyaho kana kasalahan-kasalahan dina nulis carita pondok.					
	c) Ngarespon nalika guru méré tugas (PR).					
<b>Jumlah</b>						
<b>Rata-rata</b>						

**Keterangan :**

Skala 1 = Kurang

Skala 2 = Cukup

Skala 3 = Alus

Skala 4 = Alus pisan

Maria Julianti, 2016

*Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

**Catetan Obsérver:**

Bandung, .....

Obsérver,

Panalungtik,

---

 NIP/NIM

Maria Julianti

---

 NIM 1206477
**3.4.2 Catetan Lapangan**

Catetan lapangan dieusian ku panalungtik salila prosés pangajaran anu mangrupa catetan ngeunaan kajadian dina pangajaran anu henteu nyampak dina

**Maria Julianti, 2016**

***Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

lambaran obsérvasi. Nurutkeun Wiriaatmadja (2012, kc. 129) catetan lapangan saperti dina tabél ieu di handap.

**Tabél 3.4**

**Lambaran Catetan Lapangan**

**Wasta Panalungtik :**

**Poé, tanggal :**

**Waktu :**

Catetan Lapangan Awal	Réfléksi jeung Analisis

Bandung, .....

Panalungtik,

Maria Julianti

---

NIM 1206477

**3.4.3 Lambaran Tés**

Maria Julianti, 2016

*Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Lambaran tés dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa paréntah anu kudu dikerjakeun ku siswa salila pangajaran nulis sajak.

**Tés Nulis Sajak**

Pék jieun sajak dumasar média *photostory*!

Tangtukeun téma dumasar média *photostory*!

Larapkeun diksi, majas, jeung citraan nalika nulis sajak!

Pikeun ngukur hasil tés nulis sajak, anapon pedoman penilaian pikeun nangtukeun tuntas henteuna peunteun kamampuh nu dipimilik ku siswa. Dina ieu panalungtikan, pedoman penilaian nulis sajak dumasar kana *rubrik penilaian tugas menulis puisi* (Nurgiyantoro, 2013, kc. 487) jeung *rubrik penilaian menulis berdasarkan rangsang gambar* (Nurgiyantoro, 2013, kc. 430).

**Tabél 3.5**

**Pedoman Penilaian Nulis Sajak Dumasar Rangsang Gambar**

No.	Aspek Penilaian	Rentang Skor	Skor
1.	Saluyuna eusi jeung gambar	1-5	
2.	Nangtukeun téma jeung ma'na	1-5	
3.	<i>Ketepatan</i> logika urutan carita	1-5	
4.	Kakuatan imajinasi	1-5	
5.	<i>Ketepatan</i> diksi	1-5	
6.	Pendayaan majas jeung citraan	1-5	
7.	Éjahan jeung tata tulis	1-5	
8.	<i>Keaslian</i>	1-5	
	<b>Jumlah Skor</b>		

**Keterangan:**

Bobot Idéal = 40

Skor Idéal = 100

Skor =  $\frac{\text{Bobot}}{\text{BobotIdéal}} \times \text{SkorIdéal}$

Katégori nilai dumasar KKM

**Tabél 3.6**

**Katégori Nilai**

Nilai	Keterangan
$\geq 75$	Tuntas

Maria Julianti, 2016

*Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

< 75	Can tuntas
------	------------

### **Pedoman Skala Penilaian**

#### **a. Saluyuna eusi jeung gambar**

- Bobot 5 = Eusi sajak saluyu pisan jeung gambar dina média *photostory*.  
 Bobot 4 = Eusi sajak saluyu jeung gambar dina média *photostory*.  
 Bobot 3 = Eusi sajak cukup saluyu jeung gambar dina média *photostory*.  
 Bobot 2 = Eusi sajak henteu pati saluyu jeung gambar dina média *photostory*.  
 Bobot 1 = Eusi sajak teu saluyu jeung gambar dina média *photostory*.

#### **b. Nangtukeun téma jeung ma'na**

- Bobot 5 = Téma sajak alus pisan saluyu jeung ma'na, mekarkeun idéna alus pisan sarta saluyu jeung média *photostory*.  
 Bobot 4 = Téma sajak alus saluyu jeung ma'na, mekarkeun idéna alus sarta saluyu jeung média *photostory*.  
 Bobot 3 = Téma sajak cukup alus cukup saluyu jeung ma'nana, mekarkeun idéna cukup sarta cukup saluyu jeung média *photostory*.  
 Bobot 2 = Téma sajak henteu pati saluyu jeung média *photostory* sarta kurang bisa mekarkeun ide, ma'nana teu pati jelas.  
 Bobot 1 = Téma sajak teu saluyu jeung média *photostory* sarta teu bisa mekarkeun ide, ma'nana acak-acakan.

#### **c. Ketepatan logika urutan carita**

- Bobot 5 = Urutan carita dina sajak ngaruntuy pisan dumasar média *photostory*.  
 Bobot 4 = Urutan carita dina sajak ngaruntuy dumasar média *photostory*.  
 Bobot 3 = Urutan carita dina sajak cukup ngaruntuy dumasar média *photostory*.

Bobot 2 = Urutan carita dina sajak teu ngaruntuy sarta kurang saluyu jeung média *photostory*.

Bobot 1 = Urutan carita dina sajak teu ngaruntuy sarta teu dumasar média *photostory*.

#### **d. Kakuatan imajinasi**

Bobot 5 = Imajinasina kuat sarta diolah kalayan alus.

Bobot 4 = Imajinasina kuat tapi diolahna kurang alus.

Bobot 3 = Imajinasina kurang kuat tapi diolah kalayan alus.

Bobot 2 = Imajinasina kurang kuat sarta diolahna kurang alus.

Bobot 1 = Imajinasina teu kuat sarta diolahna kurang alus.

#### **e. Ketepatan diksi**

Bobot 5 = Diksi anu digunakeun alus pisan, dipakéna éféktif sarta matak ngirut ati.

Bobot 4 = Diksi anu digunakeun éféktif sarta ngirut ati.

Bobot 3 = Diksi anu digunakeun éféktif tapi kurang ngirut ati.

Bobot 2 = Diksi anu digunakeun kurang éféktif sarta kurang ngirut ati.

Bobot 1 = Diksi anu digunakeun teu éféktif sarta teu ngirut ati.

#### **f. Pendayaan majas jeung citraan**

Bobot 5 = Majas jeung citraan anu digunakeun alus pisan, dipakéna éféktif sarta matak ngirut ati.

Bobot 4 = Majas jeung citraan anu digunakeun éféktif sarta ngirut ati.

Bobot 3 = Majas jeung citraan anu digunakeun éféktif tapi kurang ngirut ati.

Bobot 2 = Majas jeung citraan anu digunakeun kurang éféktif sarta kurang ngirut ati.

Bobot 1 = Majas jeung citraan anu digunakeun teu éféktif sarta teu ngirut ati.



### g. Éjahan jeung tata tulis

- Bobot 5 = Éjahanana euweuh kasalahan, tata tulisna bener jeung rapih.
- Bobot 4 = Éjahanana aya kasalahan tapi ngan saeutik, tata tulis hampir bener jeung hampir rapih.
- Bobot 3 = Éjahanana aya kasalahan, tata tulis hampir bener jeung hampir rapih.
- Bobot 2 = Éjahanana loba pisan kasalahan, tata tulis kurang bener jeung kurang rapih.
- Bobot 1 = Éjahanana loba pisan kasalahan, tata tulis teu bener jeung teu rapih.

### h. *Keaslian*

- Bobot 5 = Sajak anu dijieun teu sarua jeung batur.
- Bobot 4 = Sajak anu dijieun aya kekecapan anu sarua jeung batur tapi ngan saeutik.
- Bobot 3 = Sajak anu dijieun loba kekecapan anu sarua jeung sajak batur.
- Bobot 2 = Sajak anu dijieun hampir sarua jeung sajak batur.
- Bobot 1 = Sajak anu dijieun sarua pisan jeung sajak batur.

## 3.5 Analisi Data

Analisis data dilakukeun di unggal siklus pikeun néangan jeung nimukeun tarékah anu dilakukeun guru dina ngaronjatkeun kualitas diajar jeung hasil pangajaran. Analisis data dilaksanakeun ngaliwatan tujuh tahap saperti ieu di handap.

- a. Réduksi data mangrupa kagiatan nyeléksi atawa ngawilah-wilah data saluyu jeung fokus pasualan. Dina ieu hal, panalungtik baris ngumpulkeun sakabéh instrumén panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, satuluyna dikumpulkeun dumasar fokus masalahna.
- b. Interpretasi data atawa napsirkeun data anu geus diwilah-wilah dina wangun pertanyaan.

Maria Julianti, 2016

*Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- c. Nganalisis data anu mangrupa hasil tés nulis carita pondok siswa di unggal tindakan pikeun mikanyaho hasil panalungtikan anu geus dilakukeun.
- d. Nganalisis hasil obsérvasi aktivitas guru jeung siswa ku cara ngitung unggal persentasi tiap kategori dina unggal tindakan anu dilakukeun ku panalungtik jeung ngitung préntasi ti obsérver.
- e. Nganalisis hasil catetan lapangan salaku hasil réaksi, jeung réfléksi panalungtik kana prosés pangajaran anu teu dijelaskeun obsérvasi ku sabab muncul kalayan henteu direncanaken atawa kagambar saméméhna salaku bahan tinimbangan pikeun ngalakukeun réfléksi anu baris dilarapkeun dina kagiatan pangajaran.
- f. Ngalakukeun analisis kualitatif nya éta nyindekkeun ngaronjat henteuna hasil pangajaran anu geus dilaksanakeun dumasar tina hasil obsérvasi kalayan babarengan jeung obsérver.
- g. Nyindekkeun hasil panalungtikan dumasar kana analisis hasil obsérvasi anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan anu diinterpretasikeun dina kalimah pernyataan.